**दिन—बृहस्पति** **दिनांक—05.09.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

आइ शिक्षक दिवस अछि। पुर्व राष्ट्रपति डॉक्टर सर्वपल्ली राधाकृष्णन के जयंतीक उपलक्ष्य मे ई दिन मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर शिक्षक लोकनिक सम्मान मे देशभरि मे कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आई नव दिल्ली मे आयोजित एक समारोह मे बिहारक दू शिक्षक सहित देशभरिक बिरासी शिक्षक के राष्ट्रीय शिक्षक पुरस्कार प्रदान कयलनि। एहि पुरस्कारक उद्देश्य देशक ओहि उत्तम शिक्षक सभ के सम्मानित करब अछि जे छात्र सभक जीवन के समृद्ध बनौलनि अछि। बिहार सँ एहि पुरस्कार के प्राप्त करएवला मे कैमूर जिलाक तरहनी स्थित न्यू प्राथमिक विद्यालयक प्रभारी प्रचार्य सिकेन्द्र कुमार सुमन आ मधुबनीक शिवगंगा प्लस टू स्कूलक डॉक्टर मीनाक्षी कुमारी छथि। एहि शिक्षक सभ के पचास हजार टाका नकद आ रजत पदक सँ सम्मानित कयल गेल। एम्हर, पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे शिक्षामंत्री सुनिल कुमार एकतालीस शिक्षक लोकनि के राजकीय शिक्षक पुरस्कार प्रदान कयलनि। एम्हर, राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, शिक्षामंत्री धर्मेन्द्र प्रधान, बिहारक राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार शिक्षक दिवसक अवसर पर शिक्षक सभ के शुभकामना देलनि अछि।

---

बिहार पुलिस महिला लोकनिक सुरक्षा सुनिश्चित करबाक लेल आइ सँ सुरक्षित सफर सुविधा प्रारम्भ कयलक अछि। पुलिस महानिदेशक आलोक राज जनौलनि जे राज्यक छओ जिला पटना, गया, मुजफ्फरपुर, भागलपुर, बेगूसराय आ नालंदा मे पायलट प्रोजेक्टक अंतर्गत ई योजना आरम्भ कयल गेल। ओ जनौलनि जे महिला सभ अपन घर सँ बाहर कतहुँ ओ कखनहुँ डायल एक सय बारह के मददि सँ सुरक्षित यात्रा कऽ सकैत छथि।

---

राज्य सरकार बिहारक खेलाड़ी, प्रशिक्षक, खेल प्रशासक आ खेल संघ सभ के सम्मानित कयलक। आइ पटना मे आयोजित समारोह मे एक्कैस प्रशिक्षक, चारि खेल संघ, चारि खेल अधिकारी आ छओ सय पन्द्रह खेलाड़ी सभ के सम्मानित कयल गेल। एहि मे तीस खेलाड़ी अंतर्राष्ट्रीय स्तर पर देशक प्रतिनिधित्व कयलाह अछि। बिहार राज्य खेल प्राधिकरणक महानिदेशक रविन्द्रन शंकरण जनौलनि जे भारतीय पुरूष हॉकी टीमक गोलकीपर पी.आर. श्रीजेश समारोह मे मुख्य अतिथिक रूप मे सम्मिलित भेलाह।

———————————————————

केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जे.पी नड्डा काल्हि दू दिवसीय दौरा पर बिहार आबि रहलाह अछि। श्री नड्डा एहि दरमियान पटना स्थित आईजीआईएमएस के नेत्र अस्पतालक उद्घाटन करताह। संगहि ओ गया स्थित अनुग्रह नारायण मेडिकल कॉलेज अस्पताल, लहेरियासराय स्थित दरभंगा मेडिकल कॉलेज अस्पताल आ मुजफ्फरपुर स्थित श्रीकृष्ण मेडिकल कॉलेज अस्पताल मे नवनिर्मित सुपर स्पेशिएलिटी अस्पतालक लोकार्पण करताह। श्री नड्डा पीएमसीएच मे बनि रहल नव अस्पताल भवन आ दरभंगा एम्सक प्रस्तावित स्थलक सेहो निरीक्षण करताह।

———————————————————

राज्यसभाक सभापति जगदीप धनखड़ आइ राज्यसभाक नव निर्वाचित सदस्य सभ के शपथ दियौलनि। बिहार सँ भाजपाक मनन कुमार मिश्रा आ राष्ट्रीय लोक मोर्चाक नेता उपेन्द्र कुशवाहा सहित पाँच नव निर्वाचित सांसद सभ कैँ शपथ दियाओल गेल।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ भोजपुर जिलाक बखोरापुर मे आयोजित कार्यक्रम मे एकतालीस करोड़ तिरसठि लाख टाकाक विभिन्न योजनाक उद्घाटन आ पन्द्रह करोड़ छियासठि लाख टाकाक योजनाक शिलान्यास कयलनि। श्री कुमार आरा मे जीरो माइल लऽग निर्माणाधीन मेडिकल कॉलेज अस्पतालक निरीक्षण सेहो कयलनि।

———————————————————

भारतीय न्याय संहिताक अंतर्गत देश में पहिल बेर छपराक एक अदालत दोषी सभ कैँ सजाए सुनौलक अछिं जिलाक रसूलपुर थाना क्षेत्रक धनाडीह गाम मे सत्रह जुलाई कऽ भेल ट्रिपल मर्डर के मामिला मे जिला आ सत्र न्यायाधीश पुनीत कुमार गर्ग दू दोषी सुधांशु कुमार आ अंकित अर्थदण्डक सजाए सुनौलक अछि।

———————————————————

प्रदेश मे मॉनसून एक बेर फेर सक्रिय भऽ गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान तारापुर मे सभ सँ बेसी एक सय बत्तीस दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा भेल। ओतहि, किशनगंजक तैयबपुर मे एक सय अठारह दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान किशनगंज, सुपौल, अररिया, पूर्णियां आ कटिहार जिला मे किछु स्थान पर भारी वर्षाक संभावना अछि। ओतहि, राज्यक पूर्वी आ उत्तर–मध्य भाग मे किछु स्थान पर मेघगर्जनक संग वज्रपातक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

———————————————————

समाप्त